

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 KACINDEKAN

Rumpaka kawih dina *Kawih Degung Emas* sanggian Mang Koko anu jadi bahan ieu panalungtikan téh mangrupa album wedalan studio rekaman *Dian Records*, taun 2000. Eusina ngamuat sapuluh judul kawih petingan, karya cipta para pangarang nyongcolang, di antarana: “*Reumis Beureum dina Eurih*” (Wahyu Wibisana), “*Tina Jandéla*” (Dedy Windyagiri), “*Kembang Tanjung Panineungan*” (Wahyu Wibisana), “*Angin Priangan*” (Wahyu Wibisana), “*Hariring nu Kungsi Nyanding*” (Win Art), “*Salempay Sutra*” (Dedy Windyagiri), “*Kembang Impian*” (Wahyu Wibisana), “*Duh Indung*” (Mang Koko), “*Angkrék Japati di Cibodas*” (Wahyu Wibisana), jeung “*Asih Abadi*” (Dedy Windyagiri).

Hasil analisis struktur kana sapuluh rumpaka kawih nu aya dina album *Kawih Degung Emas* sanggian Mang Koko, nyoko kana struktur puisi anu ngawengku: (1) imaji, kapanggih aya lima nyaéta panénjo (visual), pangrungu (auditif), pangrasa, pangambeu, panyabak; (2) musikalitas/wirahma jeung purwakanti, kapanggih aya opat jenis purwakanti nyaéta purwakanti pangluyu, purwakanti mindoan kawit, purwakanti maduswara, jeung purwakanti mindoan wekas; (3) suasana, kapanggih aya tilu nyaéta sedih, suka bungah, jeung tingtrim, (4) téma, kapanggih aya tilu wanda nyaéta téma pati, asih atawa cinta, jeung nyaah ka lemah cai, (5) gaya basa, kapanggih aya lima wanda, nyaéta gaya basa ngupamakeun (*simile*), métapora, mijalma, ébréhan, jeung anapora.

Saterusna, hasil analisis sémiotik kana sapuluh rumpaka kawih nu aya dina album *Kawih Degung Emas* sanggian Mang Koko, nyoko kana hubungan petanda jeung petandana anu ngawengku: (1) ikon, kapanggih aya ikon imagis, diagramatis, jeung métaporis; (2) indéks, kapanggih aya indéks gejala alam, gejala fisik, sora, aktualisasi, jeung réngkak paripolah; jeung (3) simbol/lambang.

Sabada dianalisis ngagunakeun pamarekan struktural jeung sémiotik, sapuluh kawih nu aya dina album *Kawih Degung Emas* sanggian Mang Koko téh bisa

dijadikeun bahan ajar di SMA kelas X, lantaran geus nyumponan sarat jeung kritéria bahan pangajaran sakumaha pamededih kurikulum.

## 5.2 SARAN

Ieu panalungtikan téh tangtu baé masih kénéh jauh tina sampurna. Sanajan kitu, muga-muga baé ieu panalungtikan téh aya guna jeung mangpaatna, utamana mah pikeun ngajembaran pangaweruh sastra anu patali jeung ulikan struktural-sémiotik sarta ngeuyeuban référénsi bahan pangajaran basa Sunda di sakola, hususna pangajaran kawih.

Ku kituna, pikeun ngaronjatkeun hasil panalungtikan, aya sababaraha saran atawa rékoméndasi anu kudu diéstokeun ku pihak-pihak nu tangtu.

- 1) Pikeun lembaga pendidikan, ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun référénsi bahan ajar basa Sunda, hususna pangajaran kawih.
- 2) Pikeun panalungtik séjén, ieu panalungtikan téh ukur museur kana ulikan struktural jeung sémiotik, sarta larapna dina pangajaran kawih. Ku kituna, dipiharep aya panalungtikan séjén anu leuwih jero tur gemet kana kawih tina jihat paélmuan séjénna.
- 3) Pikeun masarakat, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngajembaran tur ngeuyeuban kaweruh kana kawih minangka bagian tina kabeungharan basa, sastra, jeung budaya Sunda. Muga-muga baé ku jalan weruh, karep katut kahaat masarakat kana kawih téh terus manjang hirupna, lana huripna.